



Pou Piblikasyon Imedya: 13/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 102 MILYON DOLA YO AKÒDE BAY OTORITE TRANSPÒ NIAGARA FRONTIER POU LIY TRANSPÒ PIBLIK RAPID

### *Finansman sipòte angajman istorik Gouvènè a pou investi nan East Buffalo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Otorite Transpò Niagara Frontier (Niagara Frontier Transportation Authority, NFTA) pral resevwa yon sibvansyon 102 milyon dola nan men Depatman Transpò Etazini (United States Department of Transportation, USDOT) an pou konsevwa ak konstwi yon liy Transpò Piblik Rapid pou Otobis ki degaje emisyon ki fèb oswa zewo emisyon. Pwojè a, ki pral amelyore sekirite, mobilite, ak koneksyon ki gen ladann abilite pou mache ak monte bisiklèt, epi amelyore transpò abòdab sou Bailey Avenue nan Vil Buffalo.

"Soti nan Pwojè Kensington Expressway la rive nan investisman sible nan sekirite alimantè, devlopman mendèv epi kounye a koridò transpò Bailey Avenue an, gouvènman eta a ak gouvènman federal la te pran yon angajman rekò pou East Buffalo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sistèm transpò piblik rapid pou otobis sa a pral sèvi plizyè milye rezidan Buffalo chak jou, priyorize sekirite ak koneksyon, epi asire lè nou an pwòp pou jenerasyon k ap vini yo."

Bailey Avenue pase nan East Side Buffalo epi li prèske tout longè ekstremitè lès Vil Buffalo, li travèse ak separe katye sa yo: Kensington-Bailey, Kenfield, Schiller Park, Genesee-Moselle, Lovejoy, Kaisertown, Seneca Babcock, ak Hopkins-Tifft.

Bailey Avenue kounye a prezante gwo baryè pou jwenn aksè ak kominote a ak sikilasyon otomobil elve ansanm ak dispozisyon limite pou moun k ap mache, monte bisiklèt, oswa pran transpò piblik nan koridò a. Sikilasyon veyikil la te fèt nan detriman eksperyans lokal la, ki soufri soti nan eksè vitès machin, viraj ki pa jere, liy polivalan, ak yon eksperyans danjere lè yo ap eseye travèse.

Finansman pral sipòte pwojè ki gen ladan:

- reyamenajman wout (liy bis, sant pou mobilite, rato bisiklèt, bòdi, twotwa, ranp bòdi ki aksesib, pasaj pou pyeton, elatriye);
- achte veyikil ki fèb an emisyon oswa zewo emisyon ak enfrastrikti ki konèks; ak

- planifikasyon devlopman ki akse sou transpò piblik, sansibilizasyon ak angajman kominotè, ak yon Plan Ekite ak Enklizyon.

Finansman sa a vini pandan Gouvènè a reyafime angajman li pou rekonekte kominote yo nan East Buffalo. Ansanm ak pwojè sa a, East Buffalo te yon konsantrasyon ak yon investisman nan transpò piblik ki koute 1 milya dola sou Kensington Expressway – yon pwojè ki anvizaje rekonekte katye lès-wès yo atravè seksyon deprime koridò Kensington Expressway la nan East Buffalo, pandan y ap re-etabli espas vèt la ke Humboldt Parkway te bay nan kòmansman san yo pa konpwomèt lyen transpò rejyonal enpòtan Otowout la te founi.

**Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare,** "Bailey Avenue se kolòn vètebral East Side ak youn nan koridò ki pi okipe nan Buffalo, men mande nenpòt moun ki te bloke dèyè yon otobis NFTA pandan y ap eseye ale travay, li kapab tou youn nan moman ki pi fwistre pou sikilasyon epi ki danjere ak plizyè douzèn kolizyon chak ane. 100+ milyon dola sa a pou kreye nouvo liy transpò rapid pou otobis Bailey Avenue an se fason nou ka fè konjesyon ak kolizyon yo vin yon vwayaj ki pi fasil pou rezidan Buffalon yo. Mwen te kreye pwogram sa a paske rekonekte kominote yo ak transpò abòdab; fè amelyorasyon sekirite ak enfrastruktir y ap rete tann depi lontan pandan plizyè ki te andifikilte nan Buffalo se fason ou etabli fondasyon pou yon pi bon avni. Soti nan elèv ki nan kanpis sid UB a rive nan veteran ki itilize wout otobis sa a pou ale nan VA nan Bailey Avenue, finansman sa a pral redwi sou vwayaj yo epi fè koneksyon pi fasil pou amelyore kalite lavi pou rezidan Buffalo yo. Kit se vwayaje pou manje fre abòdab ki soti nan mache fèmnye Clinton-Bailey a, oswa vwayaje nan otobis pou ale nan sant kominotè a oswa nan famasi lokal la, amelyorasyon sa yo pral ede mete East Side ak rezidan li yo sou wout pou yon avni ki pi briyan."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Sa a se yon investisman yo t ap detann depi lontan nan East Side Buffalo, epi mwen fyè dèske m te defann anpil pou reyalize li. Mwen te ede dirije kreyasyon Pwogram Pilòt pou Rekonekte Kominote yo (Reconnecting Communities Pilot Program, RCPP) ki te finanse pwojè sa a. Byento, li pral ede plizyè milye rezidan East Buffalo rive kote yo bezwen ale rapid, yon fason abòdab, ak an sekirite, epi fè Buffalo pi ekitab ak pi fasil pou viv. Mwen se yon sipòtè fyè pwojè sa a epi mwen pral kontinye batay nan Kongrè a pou sèvi Buffalo."

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Nan kad lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, Eta New York ap franchi etap istorik pou kreye yon rezo transpò ki rekonekte katye yo epi ki amelyore aksè pou tout itilizatè yo, ak tout kapasite yo. Transpò Piblik Rapid Otobis NFTA a ak envestisman ki konèks ak yon Kensington Expressway reyimajine, ke n ap avanse ane sa a - ede rezidan East Buffalo yo rive kote yo bezwen ale yon fason ki pi efikas, itilize veyikil ki pi pwòp, ki degaje emisyon ki fèb epi ki gen zewo emisyon. Sa a se yon lòt gwo viktwa pou rezidan East Buffalo yo."

**Direktè Egzekitif Otorite Transpò Niagara Frontier la, Kim Minkel la, te deklare,** "NFTA a trè rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul pou investisman istorik sa a ki

pral pote Transpò Piblik Rapid pou Otobis ki inovan nan Buffalo. Finansman sa a pral amelyore mobilite, ankouraje kwasans ekonomik nan amelyore aksè ak travay epi bay dirabilite anviwònmental pou dè deseni k ap vini yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)